

Fòm responsablite moun ki prete Chromebook Bibliyotèk Delaware

Bibliyotèk Delaware kontan ofri sèvis pou prete Chromebook ak Wi-Fi Hotspot bibliyotèk pou kliyan l yo.

Yon moun ki gen 18 an ou plis ak yon kat bibliyotèk Delaware ki an bon kondisyon, ka tcheke aparèy (pa egzanp: kat bibliyotèk la pa bloke akòz amann ki poko peye oswa pou materyèl ki pèdi).

Chromebooks yo disponib pou 1 semèn (7 jou) ak 3 renouvèlman si pa gen okenn lòt prè ki egziste. Hotspot yo disponib pou 1 semèn (7 jou) ak 3 renouvèlman si pa gen okenn lòt prè ki egziste.

Tcheke pou yon Wi-Fi Hotspot limite a sèlman yon sèl pou chak kay.

Kliyan yo ta dwe gen yon konesans debaz ak aparèy l ap tcheke pou l prete a.

Kliyan yo responsab pou konsève nenpòt done ki te kreye, modifiye, ak telechaje, elatriye, sou Chromebook la.

Nenpòt chanjman nan kondisyon oswa kontni pandan yo nan men kliyan an ap responsablite kliyan an.

Yo dwe pote aparèy yo tounen an pèsòn nan bibliyotèk kote yo te pran yo a.

- Aranjman ta dwe fèt avèk yon anplwaye bibliyotèk pou pote Chromebooks yo tounen.
- Pa kite aparèy la nan Biwo Sikilasyon an si pa gen okenn anplwaye ki prezan.
- Tanpri pa mete Chromebooks yo nan bwat kote yo retounen liv yo.
- **Si ou mete aparèy ou pote tounen yon nan bwat kote yo retounen liv yo, Sa ka lakòz entèdiksyon pou prete nenpòt aparèy.**

Si w retounen nenpòt aparèy ou te prete anreta pandan twa (3) fwa , sa ka lakòz entèdiksyon pou w prete nenpòt aparèy.

Kliyan an responsab pou domaj, pèt, oswa vòl. Depans ranplasman:

- Hotspot se \$30
- Chromebook se \$300

Yo atann kliyan an pou l rapòte bay anplwaye bibliyotèk la Chromebook, Mi-Fi, oswa akseswa yo ki pèdi oswa domaje.

Kontakte Ask a Librarian Delaware pou nenpòt pwoblèm teknik.



 answers.delawarelibraries.org

 (302) 257-3030 – Rele

 (302) 613-7477 – Tèks



 answers.delawarelibraries.org

 (302) 257-3030 – Rele

 (302) 613-7477 – Tèks

Akò Itilizatè

- Itilizatè a dakò avèk Politik Itilizasyon Akseptab Entènèt Bibliyotèk Delaware. <https://lib.de.us/files/2015/12/DLCAcceptableUse.pdf>
- Sèvi ak Hotspot bibliyotèk pou okenn rezon ilegal klèman entèdi, an akò ak lòd legal ki aplikab.
- Itilize Hotspot la pou w antre nan materyèl ki endesan kòm sa defini anba lwa Delaware, pònografi timoun jan sa defini anba lwa federal oswa lwa eta a, ak materyèl ki “poze danje pou timoun minè” entèdi.
- Bibliyotèk Delaware pa responsab pou nenpòt ki obligasyon, domaj oswa depans ki lakòz itilizasyon oswa move itilizasyon nan yon bibliyotèk hotspot, koneksyon hotspot la ak lòt aparèy elektwonik, oswa pèt done ki rive nan itilize yon hotspot bibliyotèk.
- Bibliyotèk Delaware pa responsab pou vyolasyon oswa entèsesyon enfòmasyon konfidansyèl ki soti nan move aktivite yon lòt itilizatè entènèt.
- Entènèt la gen imaj ak kontni ki ka ofansif oswa poze danje pou kèk moun. Bibliyotèk Delaware pa pran okenn responsablite ki asosye ak afichaj, itilizasyon, oswa ekspozisyon ak nenpòt ki imaj, ak kontni kliyan ka rankontre pandan l ap sèvi avèk koneksyon san fil.
- Bibliyotèk Delaware pa responsab pou pèt nenpòt ki done pèsònèl, ki gen ladan l tout dosye yo, fichye ak medya yo.
- Li entèdi pou rekonfigire Hotspot la ak/oswa Chromebook lan.
- Kliyan yo dwe pote tounen hotspot ak/oswa Chromebook anpèsòn nan Biwo Sikilasyon an. Kliyan pa dwe retounen hotspot la nan bwat kote yo lage liv yo oswa nan yon lòt branch

Lè ou siyen akò sa a, moun ki prete an, sijè anba menm règ ak kondisyon nan Bibliyotèk la epi li dakò yo sèvi ak li dapre règleman yo sèvi nan Bibliyotèk.

Mwen, _____, lte li epi konprann fòm responsablite ak akò itilizatè ki anwo a.

Siyati Kliyan an: _____

Dat:

Politik Hotspot ak itilizatè akò ka chanje. 1/29/21